*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 54 (25783)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 31 мартъи — тæргæйтты мæйы 31 бон, майрæмбон Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 СОВЕТЫ ÆМБЫРД
*Боны фæткы — ахсджиаг фарстатæ*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Президенты Указæй**

## Хæрзиуджытæ – хъæбатыртæн

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг ”Аланыстон” æмæ ”Ныббырст. Ирыстон”-ы бархионты къордтæ бабæрæг кодта Запорожьейы облæсты.**



Уый Уæрæсейы Президент Владимир Путины номæй паддзахадон хæрзиуджытæ радта æфсæддонтæн. "Уæ службæйæн ахæм бæрзонд аргъ кæй кæнынц, уый тыххæй уын арфæ кæнын. Хæрзиуджытæ хуымæтæджы нæ дæттынц, сымах уый аккаг стут. Мах уæ сæрыстыр стæм!", — загъта Сергей Меняйло.

Уæрæсейы Президенты Указæй, йæ цардæн тæссаг уавæрты сæрмагонд хæстæ æххæст кæнгæйæ хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинад равдисыны фæдыл къорд "Ныббырст. Ирыстон"-ы командæгæнæг **Цгъойты Игор** хорзæхджынгонд æрцыд "Хъæбатырдзинады" орденæй. Иннæ æфсæддонтæ райстой майдантæ "Æвзыгъддзинады тыххæй".

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Пресс-конференци**

## Зæххы фарстатæ

**Паддзахадон исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министр ТЕДЕТЫ Руслан пресс-конференцийы бæлвырд дзуаппытæ радта республикæйы дзыллон информацийы фæрæзты минæвæрттæн. Журналистты фæрстытæ баст уыдысты æнæзакъонæй зæххы хæйттæ уæй кæныны фæдыл уголовон хъуыддæгты, хъæууонхæдзарадон зæххытæ хаццоны дæттыны закъон хæлды, зæххы хъалон фидыны льготæты, кинотеатр ”Фæскомцæдисон”-ы хъысмæты фæдыл æмæ царды æндæр ахсджиаг фарстатимæ.**

Республикæйы зæххытæ дæттыны фарста ис бынæттон хиуынаффæйады бæрны, Парламенты депутаттæ æркæсдзысты, уыцы бартæ паддзахадон Исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министрадмæ радтыны хъуыддагмæ. Ацы закъоны проект министрадæн бар дæтты зæххы хæйттæ фондз азы æмгъуыдмæ хаццоны дæттынæн. Иумæйаг реестрмæ хаст æрцæуыдзæн, хъæууонхæдзарадон зæххыты бæрцы, фиддонтæ фидыны фæдыл информаци. Закъон сфидар кæныны бындурыл, зæххытимæ баст закъонхæлдтытæ уыдзысты къаддæр.

Зæххы хæйттæ райсыны фæдыл зæхкусджытимæ бафыстой 9000 бадзырды. Сæ хи аргъ нæ фæбæрæг уыдзæн арендаторты фиддонты бæрцыл.

2021-2022 азты зæхх уæй кæныны хъуыддаджы администрациты сæргълæуджытæ цы закъон хæлдтытæ æруагътой, уый фæдыл хъуыддæгтæм лæмбынæг кæсынц прокуратурæйы æмæ мидхъуыддæгты оргæнты кусджытæ. Сæ хатдзæгты тыххæй фехъусын кæндзысты бæлвырд. Куыст цæуы, зæххытимæ закъоны æгъдаухæлд чи æруагъта, уыдонæй сæ байсын æмæ сæ республикон, стæй муниципалон исбонадмæ радтын.

Льготæйы уагыл зæххæн хъалон фидыны къорды граждæнтæ бæрæг сты, хауынц сæм Уæрæсейы хъайтартæ, æххæст орденхæссæг кавалертæ, сæрмагонд хæстон операцийы архайджытæ, æндæр къордтæ.

2021 азы республикæйы зæххытæ уыд 34 мин гектары æппынкъаддæр бæрцимæ, ныр уыцы нымæц дыууæ хатты фæкъаддæр. Льготæйы уагыл хуымзæххытæ фылдæр сты Мæздæджы районы.



Муниципалон зылды 210 бирæсывæллонджын бинонтæн уал Дзуарыхъæуы раз радтой зæххы хæйттæ, рады та лæууы 497 бинонтæ. 44 гектары фæзуатыл зæххы хæйттæ ратдзысты Джызæлы бынмæ дæр, фæлæ, уымæн хъæуы рæстæг, цæмæй бынатмæ уагъд æрцæуой инженерон коммуникацитæ. Æмæ уæд, 560 зæххы хайæ сæ бон уыдзæн пайда кæнын, уæй кæнын, лæвар кæнын. Мæйы æмгъуыдмæ уый фæдыл фидаргонд æрцæудзæн сæрмагонд пълан.

6700 гектары сты Мамысоны сæрмагонд экономикон зонæйы, баныхас кодтой 27 бынæттон цæрджыты бинонтимæ, сæ цæрæн бынæттæ аивыны фæдыл. Уымæй уæлдай, ныхас цæуы комы иннæ æртæ хъæуы цæрджытимæ дæр. Инвестортæ цæттæ сты иуæй-иу рæтты куыстытæ райдайынмæ.

Министр куыд загъта, афтæмæй зæрдæ райы, дзæуджыхъæуккæгты уарзон бынат — раздæры кинотеатр "Фæскомцæдис"-ы агъуысты мариинаг театры хъæппæрисæй ныридæгæн бындурон цалцæггæнæн куыстытæ сæ тæмæны кæй сты, уый.

Ныхас цæуы дарддæр, Дзæуджыхъæуы 1-æм автовагзалы хицауимæ дæр. Автовагзал республикон исбонадмæ раивыны тыххæй, йæ акциты 75 проценты сты вагзалы разамынды къухы, иннæтæ — паддзахадмæ. Йæ балхæныны тыххæй фарста цæуыл банцад, уый хæстæгдæр рæстæг сбæрæг уыдзæн.

Дзæуджыхъæуы Центрон парчы цы 12-уæладзыгон бæстыхай æрцыд хæлд, уый алфамбылай коммерцион бæстыхæйттæ хъæуы айсын, цæмæй дзы фыдбылыз ма ‘рцæуа. Уый хауы, "Дендрарий"-ы цы арæзтæдтæ ис, уыдонмæ дæр, сты æнæаив æмæ базилинаг. Ацы фарстайыл ныхас кæндзысты исбонады хицæуттимæ.

Афицерты хæдзары хъысмæтыл бирæты зæрдæ риссы, ныридæгæн хъуыддаг ис Уæрæсейы Уæлдæр тæрхондоны. Цыфæндыйæ дæр, республикæйы бахъæудзæн йæ балхæнын.

Ацы азы сæйраг нысантыл дзургæйæ, министр радих кодта æртæ фарсты: Кæсæгимæ арæнты æрфыст, хъæууонхæдзарадон зæххыты 2400 гектары фæзуат хизæнтæ æмæ хуымзæххытæн рауæлдай кæнын æмæ цы арæзтæдтæ цæуы, уыдон бæрæг æмгъуыдмæ фæуын.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Æрыдоны районæй**

## Ног фæлладуадзæн тæлм

**Хъæдгæроны бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг ОГЪУАТЫ Михалы ныхасмæ гæсгæ, Уæлахизы бонмæ ацы хъæуы фæзындзæн ног фæлладуадзæн тæлм.**

— Ныртæккæ аивгæнæн куыстытæ æххæст кæнæм. Фæлладуадзæн тæлм æрбынæттон уыдзæн хъæуы астæу Хъæбатырты аллеймæ 'ввахс ран. Ам саразздзыстæм аллей, бæлæстæ дзы ныссадздзыстæм, фонартæ æмæ дзы фæхсбадæнтæ фæзындзысты, фонтан скусдзæн. Хъæуы цæрджытæн уыдзæн ам æхсызгонæй рæстæг æрвитыны фадат. Куыстытæ фарæстæм маймæ баххæст кæнынмæ хъавæм, — загъта хъæуыхицау.

Бынæттон меценаты æххуысы фæрцы фæлладуадзæн тæлм саив кæнын бантыст.

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

**Куысты армукъа**

## Фæндгæ дæ кæнæд, уый йеддæмæ…

**14 апрелы Цæгат Ирыстоны ацæудзæн кусæн бынæтты Æппæтуæрæсеон армукъа ”Уæрæсейы куыст, гæнæнты рæстæг”.**

Уый тыххæй радзырдта адæмæн куыст агурыны комитеты сæргълæууæг **Платы Альбинæ**: "Уыцы мадзалы фæлгæты куыстуæттæ æмæ организациты разамонджытæ фембæлдзысты, куыст чи агурдзæн июны Уæрæсейы æппæт регионты.

Армукъайы архайыны тыххæй рагацау бадæттын хъæудзæн куырдиат "Куыст Уæрæсейы", зæгъгæ, уыцы иумæйаг нымæцон платформæмæ.




Зæгъдзыстæм ма уый, æмæ ацы мадзалы организацион комитетæн разамынд дæтдзæн нæ республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъаната Ларисæ.** ры, уыдонимæ, радзурдзысты сын компаниты, сæ гæнæнтæ æмæ фадæтты, стæй цавæр дæсныйæдтыл сæм ис бынæттæ, æппæт уыдæтты тыххæй. Кæронбæттæн федералон мадзал та ацæудзæн

**Нæ уацхæссæг**

**Экологи**

## Бафснайæм нæ цæрæн бынæттæ

**Апрелы кæрон-майы райдайæны нæ республикæйы ацæудзæн нæ горæттæ æмæ хъæутæ быронæй ссыгъдæг кæныны, фæлгонцады æмæ бæлæсты талатæ садзыны мæйон.**

Уый тыххæй Хицауады æмбырды фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр **Кокойты Витали**.

Уыцы арфæйаг хъуыддаг йæ рæстæджы нæ республикæйы раздæры Сæргълæууæг **Битарты Вячеслав** фæстæмæ сног кодта. Уый йæхæдæг дæр-иу разæнгардæй архайдта ахæм мадзæлтты.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

**Æнæнхъæлæджы уавæртæ**

## Цъититæ куы тайой…

**УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы пресс-службæйы куыд фехъусын кодтой, афтæмæй нæ республикæйы 24 цæрæн бынæтты 3 мин адæймаджы, гæнæн ис, æмæ хъыгдард баййафой июны æмæ августы саха уарынты, стæй хæхты цъититæ тайыны фæстæ донивылдæй.**

**Æдæппæт та Цæгат Кавказы федералон зылды уыцы æрдзон фыдбылызæй тæссаг у 20 мин хæдзарæн.**

**Ныртæккæ хæхты мит иннæ азтæй фылдæр нæй, фæлæ сæрды тынг тæвд рæстæг куы хæсса, стæй уарынтæ арæх куы уой, уæд уавæр уыдзæн æцæгдæр сагъæссаг.**

***("ТАСС")***

**Парламентæй**

## Республикæйы нывыл уавæр æмæ адæмы сабыр цард – пъæлицæйы кусджытæн сæ ахсджиагдæр нысан

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты иуæндæсæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**



Æмбырды архайдтой республикæйы Хицауады уæнгтæ, барадхъахъхъæнæг æмæ тæрхонадон оргæнты минæвæрттæ, муниципалон скондты разамонджытæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ. Депутаттæ фыццаг бакасты равзæрстой "Хъалонфидджыты хицæн къордтæн сæ куысты æфтиагыл хъалон æвæрыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проектмæ. Фарстайы фæдыл ныхас кодта цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн.** Куыд загъта, афтæмæй республикæйы æрæджы фæзынд коммуналон хъæбæр æппарæнтæ æфснайæн ног регионалон оператор "ЭРА". Йæ хæстæ æнæзæрдæхудтæй æххæст кæнынæй уæлдай компани саразздзæн нырыккон бырондон Æрыдон æмæ Дигорайы ‘хсæн. Ныртæккæ куыстуат архайы æрмæстдæр хи фæрæзтæй, æмæ йын баххуыс кæныны нысанимæ, стæй, йæ куыст тынг ахсджиаг кæй у, уый æмбаргæйæ, бахъуыд амынд закъоны проект. Закъон фидаргонд куы æрцæуа, уæд уый хорзæрдæм фæзындзæн куыстуатыл, республикæйы бюджетмæ та æфтиаг хæсдзæн афæдзмæ иу милуан сомы.

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Кусæг балц**

## Бындурон цалцæг – скъолаты

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис бындурон цалцæг æххæст кæныны уавæртæ фенынмæ æрбацыд Дзæуджыхъæуы 15-æм æмæ Заводы поселочы 34-æм скъолатæм. Хъуыддæгтæм бавнæлдтой федералон программæ ”Ахуырады рæзт”-мæ гæсгæ.**

Хицауады Сæрдар 15-æм скъолайы федта кълæстæ, хæрæндон, хæринаггæнæн, спортивон зал. Бындурон



цалцæгмæ бавнæлдтой 2022 азы, майы. Арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин** куыд радзырдта, афтæмæй объекты æппæт хъуыддæгтæ цæуынц пъланмæ гæсгæ, мидæггаг куыстытæн сæ 99 проценты æххæстгонд æрцыдысты.

Кълæстæн сæ фылдæры равæрдтой партæтæ, хъæугæ дзаума. Скъоладзаутæн сæ ахуыры хъуыддаг нæ баурæдтой, скъолайы агъоммæ къордтæ æмæ райдайæн ахуырдзаутæ раздæр цы ран уыдысты, уыцы дыууæуæладзыгон бæстыхайы сын уроктæ кæнынц дыууæ радæй. Дзанайты Барис куыд бафæдзæхста, афтæмæй хъуамæ сывæллæттæ сæ цалцæггонд скъоламæ бацæуой 1 сентябры.

Аразджытæ къултæ сног кодтой, хæринаггæнæн сцалцæг кодтой, рудзгуытæ, инженерон хызтæ баивтой.

Заводы поселочы 34-æм скъолайы араздж ытæ нырма нырма бавнæлдтой бындурон цалцæгмæ. Хъуамæ æппæт куыстытæ фæуой ацы аз, сентябры. Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй "Ахуырады рацарæзт"-ы программæмæ гæсгæ 2022-2023 азты хъуамæ сцалцæг кæной 66 скъолайы. "Уымæй уæлдай ма регион цæттæ кæны 2024-2025 азтæн бындурон цалцæджы фæдыл куырдиат. Хъуамæ уæд базилæм 70 скъоламæ. Ныртæккæ 20 скъолайы тыххæй бафыстам бадзырдтæ. Хъуамæ сывæллæттæ ахуыр кæной удæнцой æмæ æдас уавæрты, цыдæриддæр стандарттæ домынц, уымæ гæсгæ. Уыдæттыл куыст цæуы", — загъта Хицауады Сæрдар.

Аразджытимæ дзургæйæ сын Дзанайы-фырт бафæдзæхста æмгъуыдтæм хъус дарын, куыстытæ хæрзхъæдæй кæнын. Ацы аз бындурон цалцæгмæ бавнæлдтой республикæйы 21 скъолайы. Сывæллæттæ сæ ахуыр æххæст кæнынц хæстæгдæр скъолаты.

**Нæ уацхæссæг**

### Дзырды фарн

*Æрдз аныхъуыры царды фыдмитæ,
рæстæджы зынтæ, хи сагъæстæ æмæ
бирæ æндæр хъуыдытæ.*

*Фæрнион*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **31 мартъийы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **4-9 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **4-6 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,44

**Хурыскаст** — 05,42
**Хурныгуылд** — 18,26

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 77,09 ↓
**Евро** — 84,21 ↑

12+

Советы æмбырд

# Боны фæткы — ахсджиаг фарстатæ

**Муниципалон скондты советы правленийы радон æмбырд ацыд Дзæуджыхъæуы бынæттон администрацийы. Амыдта йæ йæ сæрдар НÆКУЫСАТЫ Барис.**




Цы фарстатыл цыд ныхас уæрæх æмбырды, уыдон иуыылдæр баст уыдысты нæ республикæйы социалон-экономикон райрæзтимæ, цæрджыты удæнцойдзинад æмæ æдасдзинадимæ.

Боны фæткы фыццаг фарстайы фæдыл советы правленийы æхххæстгæнæг директор **Дзестелты Барис** ныхасы бар радта республикон æхсæнадон организаци "Ирыстоны фæскомцæдис"-ы сæрдар **Зæнджиаты Черменæн**.

Йæ раныхасы уый куыд фæнысан кодта, афтæмæй æхсæнадон организацийы уæнгтæ иууылдæр, царды æмæ куысты фæлтæрддзинад кæмæ ис, ахæмтæ сты. Æппæт районтимæ дæр кæрæдзи æмбаргæйæ кусынц фæсивæды патриотон хъомыладыл. Æмæ, цæмæй сæ архайд ноджы парахатдæр, ноджы ахадгæдæр уа, уый тыххæй æмгуыстады тыххæй бадзырд бафыстой муниципалон скондты советимæ.

Национ проект "Æнæниздзинадхъахъхъæнынад"-ы бындурыл арæзт цытæ æрцыдис, уый тыххæй лæмбынæг радзырдта профилон министры хæдивæг **Хетæгты Фатимæ**. Йæ ныхасмæ гæсгæ, 2022 азы адæмæн лæггад кæнын райдыдтой ног амбулаторитæ Къостайы хъæуы æмæ Хуымæллæджы, Цæлыччы хъæуы та скуыста фелсырон пункт. Медицинон кусæндæттæн радтой хъæугæ кусæнгæрзтæ 56 иуæджы, 9 ног автомашинæйы, цæлхытыл медицинон комплекстæ — дæс. 23700 адæймаджы та ацыдысты диспансеризаци. Ам министры хæдивæг фæбæрæг кодта районты бæрæггæнæнтæ дæр. Цæмæй рынчындæттæ дохтыртæ хъуаг ма æййафой, уый тыххæй кусынц программæтæ "Земский доктор" æмæ "Земский фельдшер".

Стыр æргом адæмы 'хсæн здæхт цæуы æнæниз цардыуагмæ, стæй низты рагагъоммæ профилактикæмæ. "Ацы аз арæзт цæудзæн медицинон фондз объекты, ног кусæнгæрзтæ æмæ машинæтæ дæр уыдзæн. Рацарæзты куыстытæ цæудзысты онкологон диспансеры æмæ Сывæллæтты клиникон рынчындоны, Беслæны фæзындзæн тагъд æхххуысы ног станцæ" — загъта министры хæдивæг.

Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани куыд цæттæ у 2023 азы уалдзæджы донивылдтытæм, стæй æнæнхъæлæджы цауты фæстиуджытæ аиуварс кæнынмæ, уый тыххæй æмбырды радзырдта УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы хицауы хæдивæг **Ælборты Анатоли**. Зынгсирвæзтæй тæссаг рæстæг кæй райдыдта уый загъта. Ныридæгæн уал æрцыд 72 зынгсирвæзты. Дæнцæгæн æрхаста Хъобаны фыдбылызы аххосæй кæй басыгъд иу хъæдын хæдзар, 6 хæдзарадон арæзтады — 60 квадратон метры. "Иумæйагæй та зынгсирвæзт бахъыгдардта æртæ гектары фæзуат. Аххосæгтæ бæлвырд кæнынц. Арæх ссудзы хус кæрдæг, алчидæр хъуамæ къæрцхъус уа, æмæ æвæстиатæй фæхабар кæна зынгхуыссынгæнджытæм", — загъта Анатоли.

Нæ республикæйы муниципалон скондты бынæттон хиуынаффæйады оргæнты куыстæн аргъ скæныны тыххæй республикæйы Сæргълæууæджы уынаффæмæ цы ивддзинæдтæ бахæсдзысты, уый тыххæй æмбырды радзырдта РЦИ-Аланийы экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр**.

Паддзахадон программæ "Ахуырады райрæзт"-ы фæлгæты бындурон цалцæггæнæн куыстыты программæ æмæ скъолаты ахуырады уагæвæрды ногдзинадæй цы уыдзæн, уыдонимæ советы уæнгты æмæ æмбырды архайджыты базонгæ кодта РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**.

— Ацы стыр проект царды рауадзынæн Уæрæсейы Ахуырады министрадимæ æхсæз миллиард сомыл бадзырд бафыстам.

Районты разамындæн сæ хæс у, ахуырады къабазы æппæт цалцæггæнинаг объекттæ сбæлвырд кæнын, — загъта министр æмæ сын арфæ ракодта сæ æмгуыстады тыххæй. Ныхас цыдис ахуырады хæрзхъæддзинадыл, ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ уæлдæр кæныныл, скъолаты хæрæндæтты куысты тыххæй. Æмæ кæд хъæууон скъолатæ хъаст кæнынц, ахуыргæнджытæ дзы фаг кæй нæй, уымæй, уæд горæты скъолаты уыцы фарста лыггонд у. Фидæны ахуыргæнджытимæ вæййы фембæлдтытæ, æрыгон специалисттæн ис алывæрсыг æххуыс, уæлæмхасæн фиддонтæ исынц, йæ куыстыл æнувыд чи у, ногдзинæдтæ йæм чи хæссы, рæстæгимæ æмдзу чи кæны, уыцы педагогтæ.

Æмбырды ма ныхас кодтой æвзарæн къамисты уагæвæрдыл, туризмы къабазы райрæзтыл æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Æмгуыстад

## Дохтырты цæттæ кæнынæн

**Фæсарæйнæгтæм кадджын чи у, Цæгат Ирыстоны уыцы паддзахадон медицинон академи Ази æмæ Африкæйы бæстæтæн "Дæндæгты дзæбæхкæнынад" æмæ "Дзæбæхгæнæн хъуыддаджы" дæснийæдтæм гæсгæ дохтырты цæмæй цæттæ кæна, уый фæдыл æмгуыстады тыххæй бадзырд сфидар кæнынæн культурон æмæ хъуыддаджы центр "Пуштун"-ы директор Навид МУХАММАД амынд ахуыргæнæндонмæ балцы æрбацыд.**



Ацы хабар фехъусын кодта медакадемийы прессслужбæ.

"63 милуан адæймаджы кæй иумæйаг нымæц у, уыцы ирайнаг адæмтæм хауæг пуштунтæ студентты нымæц фæфылдæр кæнынмæ хъавынц. Ацы адæмы фылдæр хай цæры Пакистаны. Уымæй уæлдай, бирæ пуштунтæ цæрынц Афганистаны, Индийы, Иугонд Араббаг Эмираттæ æмæ Америчы Иугонд Штатты", — фыст ис хъусынгæнинаджы.

Медакадемийы ректор **Олег Ремизов** æмæ Навид Мухаммад сæ авторон чингуытæ кæрæдзийæн радтой. Нæ республикæйы уазæг ахуыргæнæндонæн балæвар кодта уырыссагау фыст чиныг "Пуштуны".

**Нæ уацхæссæг**

Æддагон бастдзинæдтæ

## Ирон æхсæнадтæ

**Цæгат Ирыстоны Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрады пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ныртæккæ фæсарæйнаг бæстæты регистрацигонд ис ирон диаспорæ æвдисæг 40 ирон æхсæнадæй фылдæр.**

**— Ирон æхсæнадтæ регистрацигонд сты Молдовæйы, Казахстаны, Гуырдзыстоны, Абхазы, Таджикистаны, Венгрийы, Францы, Германы, Канадæйы, Америчы Иугонд Штатты, Турк æмæ æндæр фæсарæйнаг бæстæты. Уымæй уæлдай, Уæрæсейы субъектты регистрацигонд сты 37 ирон æхсæнады, — загъта ведомствæйы минæвар.**

**КОЦТЫ Альбинæ**

Æнаккаг митæ

## Знаггадгæнджыты архайд

**Æнæсæрфат адæймæгтæ Дигора æмæ Алагиры фæлладуадзæн парктæн знаггад скодтой.**

Фарон фæззæджы кæй саив кодтой, Дигорайы уыцы центрон парчы бæстыхæйтты къултыл æнæхъуаджы нывтæ фæзындысты, фæхсбандæттæ сæ раздæры бынæттæй æндæр рæттæм раластæуыд, зæххыл æхсынæнты цъæрттæ ныккалдæуыд. Мæстджын адæм æнахъолайы уавæр æвдисæг къамтæ социалон хызты сæвæрдтой.

— Парк аив кæныны рæстæг дæр иуæй-иу дигорайæгтæ æфснайджыты куыст къуылымпы кодтой, æвæрынмæ цæттæ бордюртæ зæхмæ ссыдтой, стæй арæзтадон æрмæджытæ æппæрстой. Паркæн знаггад, æвæццæгæн, æнахъом сывæллæттæ æрхастой, фæлæ алы сывæллонмæ дæр хъомыл адæймаг хъуамæ цæст дара æмæ йæ æнæсæрфат митæй хиза, — зæгъы горæты администрацийы минæвар.

Кæй зæгъын æй хъæуы, иуæй-иу хъомыл адæймæгтæн дæр хи дарыны фæтк амонын æмбæлы. Хатгай адæм паркмæ 'ввахс Намысы аллейы дæр æхсынæнтæ æхсæдынц. Горæты æхсæнадон бынæтты фидаргонд чи ис, видеоцæстдарды уыцы камерætæ рæхджы скусдзысты æмæ барадхæлдтытæ æвдисдзысты. Æхсæнадон фæтк чи халы, уыцы адæймæгтæн тæрхон скæндзысты.

Æрмæст цалдæр азы кæуыл цæуы æмæ къорд хатты кæй сцалцæг кодтой, сывæллæтты уыцы хъазæн фæз дæр хæлд у.

— Бирæ хъарутæ æмæ фæрæзтæ кæй арæзтадыл бахардз кодтам, знаггадгæнджытæ уыцы фælладуадзæн бынæттæ кæй ныппырх кодтой, уый мын хъыг у. Цалдæр хатты кæй сцалцæг кодтам, уыцы объекттæ та ногæй дæрæнгонд æрцæуынц, — зæгъы Дигорайы сæргълæууæджы хæдивæг **Никколты Æхсар**.



Æрæджы Алагиры центрон парчы кæй саив кодтой, æнæджелбетт адæймæгтæ шахмæттæй хъазынæн уыцы æхсæнадон тæлмæн дæр знаггад æрхастой.

— Дæсгай милуан сомтæ кæуыл бахардз кодтам, ныртæккæ бынæттон стуртæ уыцы объекты хизынц. Фыццæгæм рæвдауæндоны бакомкоммæ чи ис, уыцы аивгонд газон хæдтулгæйы цæлхытæй пырхгонд æрцыд. Стуртæн сæрвæт рахицæн кодтам, газоныл хæдтулгæ баскъæрæг адæймагæн дæр бауайдзæф кодтам, — зæгъы горæты администрацийы минæвар.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Бæрæгбон

# Поэзийы рухс тæмæнтæ

**Поэзийы æппæтдунеон бон кадджын уавæры сбæрæг кодтой Красногоры. Хъæууон клубмæ цы бирæ адæм æрбацыд, уыдон æхсызгонæй арвыстой сæ изæр.**

Уыдонимæ РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдар **Агънаты Гæстæн**, поэт, тæлмацгæнæг, журналист, журнал "Ирæф"-ы сæйраг редакторы хæдивæг **Колыты Витали**, æрыгон поэт, газет "Рæстдзинад"-ы уацхæссæг **Гасанты Валери**.

Адæм тыхджын къухæмдзæгъд кодтой Æрыдоны Культурæйы галуаны Дзугаты Бартуйы номыл ирон зарæггæнджыты къордæн, сæ разамонæг **Моргуаты Сослан**. Иу иннæйы фæстæ хъуыстысты зарджытæ. Советон Цæдисы Хъæбатыр Гагкайты Алиханы зауæд фыссынмæ. Хъамбердиаты Мысост, Плиты Грис, Цæрукъаты Алыксандр, Кочысаты Мухарбег, Калоты Хазби. Уыдоны фæстæ ног фæлтæр ирон поэзимæ æрбахастой ног улæфт, ног ахорæнтæ æмæ æнкъарæнтæ: Дзаболаты Хазби, Дзасохты Музафер, Джыккайты Шамил, Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Хостыхъоты Зинæ, Ходы Камал æмæ иннæтæ. Æцæг поэзи у æнæмæлгæ. Фæстæдæр зæгъгæ. Фæлæ ахæм фысджытæ, ахæм адæм цы хъæуы цæры, уыдонæн се 'взагæн фесæфынæй тæссаг нæу, — загъта Колыйыфырт.



Æрыдоны районы сæргълæууæг Мæрзаты Владиславы ныхасмæ гæсгæ, ахæм бæрæгбæттæ адæмы иугæнæг, ирон аив ныхасæн кадгæнæг сты.

— Ацы хъæубæсты ис хорз хистæртæ, уæздан æмæ курдиатджын кæстæртæ, бирæ адæм дзы хæларæй цæрынц. Æгайтма сарæзтат ахæм зæрдæмæдзæугæ бæрæгбон. Арфæ уын кæнын, æмæ ма уын ноджы фылдæр бантысæд! — загъта районы сæргълæууæг æмæ къорд адæймагæн радта Арфæйы фыстæджытæ.

— Ирон адæймагæн йæ алы ми, йæ алы сныхас дæр æгъдауимæ баст уыдысты. Фыдæлты фарн дæр мадæлон æвзагæй фидауы. Махæн та нæ хæс у фидæны фæлтæртæм сæ адæттын, — загъта Красногоры Ныхасы сæрдар **Цæллагты Хъазыбег**, уазджытæн арфæ кæнгæйæ. — Музаферæй мах сæрыстыр стæм. Хорз хъуыды кæнæм, йæ 60 азы юбилей йын ам, Бæрæгъуыны, куыд парахатæй сбæрæг кодтам. Стыр æгъдау ын скодтой районы уæды сæргълæууæг Баскаты Станислав æмæ хъæуы цæрджытæ.

Хъæуы цæрджытæ æхсызгонæй сæмбæлдысты Æрыдоны районы сæргълæууæг **Мæрзаты Владиславыл**, культурæйы хайады хицау **Ингæ Ковтун**, администрацийы бæрнон кусджытæ **Бериты Алан**, **Биазырты Таймураз** æмæ иннæтыл.

Красногоры цæрджытæ сæрыстыр сты сæ номдзыд поэттæй. Сæ нæмттæ рох никуы уыдзысты. Чехойты Сæрæби æмæ Тохты Иванæн. Уыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ, ирд фæд ныууагътой ирон советон литературæйы.

Ирон дзыллæйы 'хсæн хъуыстгонд у поэт æмæ фыссæг, дæсны тæлмацгæнæг **Дзасохты Музаферы** ном. Йе сфæлдыстад у алыхуызон æмæ хъæздыг. Поэт йæхи æмбарынхъом куы фæци, уæдæй абонмæ йæ зонд, йæ хъарутæ æмæ йе стыр курдиат парахатæй хæссы Ирæн. Йæ зæрдæ никуы сивта йæ хъæубæстæ æмæ ирон аив дзырдыл.

Красногойрæгтæ ирон дзырды фарныл æнувыд сты. Хуымæтæджы нæ сарæзтой ахæм æнæферохгæнгæ бæрæгбон. Экраныл æвдыстой хъæубæсты алы азты цæрджыты къамтæ, сæрыстыр кæмæй сты æмæ сæ нæмттæ рохгæнæн кæмæн нæй, ахæм разагъды нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты. Хъуыстис, Дзасохты Музафер йæ райгуырæн хъæубæсты тыххæй цы æмдзæвгæ ныффыста, уый фæстæ дзыллæтæн уарзон чи сси, уыцы хъæлдзæг зарæджы мелоди "Бæрæгъуынæй уазджытæ"...



рæг бирæтæн зындгонд у, фæлæ алчи нæ зоны, ацы зарæджы йæ аив дзырдтæй тых кæй бауагъта поэт Дзасохты Музафер.

— Адæм цæрынц зæххы къорийыл, чи хурварс, чи та — уазал бæстæты. Фæзæгъынц, хуссары, дам, цæрынц, поэзи, литературæ æмæ аивад чи уарзы, уыдон, — уæрæсейаг зындгонд фыссæджы ныхæстæ дæнцæгæн æрхаста Агънаты Гæстæн. — Сымах уарзут ирон дзырд, поэзи, литературæ æмæ уын арфæ кæнын. Нæ фембæлды сæйраг хъайтар у уе 'мзæххон Дзасохты Музафер, йе сфæлдыстад, йæ поэзи. Музафер йæхи снывонд кодта нæ литературæйæн, нæ аивадæн. Мах стæм стыр амондджын, Къоста кæмæн ис, уый фæрцы схызтыстæм поэзийы, литературæйы уæлдæр æмвæзадмæ, бирæ фæсивæд самидин сты райхъуыстысты Хаджеты Таймуразы, Кокайты Тотрадзы æмæ иннæты нæмттæ. Ныр та се сфæлдыстадон куыст кæнынц Калоты Витали, Скъодтаты Эльбрус, Баситы Зæлинæ, Бететы Фатимæ, Гасанты Валери æмæ иннæтæ. Бузныг, ацы рухс бæрæгбон чи сарæзта, уыдонæн.

Чехойты Сæрæбийы сфæлдыстадæн стыр аргъ кæй кæны, уыцы хъуыдыйæ райдыдта йæ раныхас сценæйы Колыты Витали.

— Бæрæгъуынæй цы фысджытæ рацыди, уыдонæй Чехойты Сæрæби цы сарæзта ирон литературæйæн, уый нырма ничи скодта. Фыццаг ирон роман æмдзæвгæтæй ныффыста. Студентæй сæмбæлдтæн Тохты Иваныл, тынг лæмбынæг мæ фæфæрстытæ кодта, ахæм æмбараг адæймагæй баззад мæ зæрдæйы. Арæх фехъусæм, не' взаг сæфы, тыр стæм.

Цæмæй бæрæгбон зæрдæмæдзæугæ рауайа, ууыл иумæйагæй бакуыстой бирæ адæм, хъæуы библиотекæйы сæргълæууæг **Сопойты Маринæ**, Культурæйы хæдзары директор **Габанты Фатимæ**, методист **Баскаты Галинæ**, районы библиотекæйы хайады сæргълæууæг **Хъайтыхъты Фатимæ** æмæ иннæтæ. Бацæттæ кодтой чинигуыты равдыст "Поэзийы рухс тæмæнтæ".

Бæрæгбон сфидыдта ирон кафты ансамблы арæхстдзинадæй, сæ разамонæг **Дзасохты Рудольф**.

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

## Республикæйы нывыл уавæр æмæ адæмы сабыр цард — пъæлицæйы кусджытæн сæ ахсджиагдæр нысан

(Райдайæн 1 фарсыл)

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдары хæдивæг **Тауитты Алыксандр**. Сæ фиппаинæгтæ загътой Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæ** æмæ депутат **Тетцойты Георги**.

Æмбырды архайджытæ байхъуыстой Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы мидхъуыддæгты министр **Андрей Сергеевы** раныхасмæ 2022 азы пъæлицæйы архайды тыххæй. Министр куыд радзырдта, афтæмæй экстремистон æмæ террористон фæзындтытæй республикæйы нырма уал у тæссаг, уæлдайдæр сæрмагонд æфсæддон операци райдайыны фæстæ. Операцийы тыххæй мæнг хабæрттæ парахат кæныны æмæ уым архайæг æфсæддонты кад дæлæмæ кæныны нысанимæ фыдгæнджытæ пайда кæнынц нырыккон технологитæй æмæ бастдзинадæй. Уавæрыл хорзæрдæм нæ зынынц, Гуырдзыстон æмæ Украинæйы 'рдыгæй адæм гуылфæнтæй кæй цæуынц, стæй, уадзæн пункт Уæллаг Ларсы машинæтæ бирæгæйттæй кæй æмбырд кæнынц, уый. Фæлæ, æмткæй райсгæйæ, оперативон уавæр у нывыл. Министры ныхасмæ гæсгæ, ивгъуыд азимæ абаргæйæ, фыдракæндты нымæц фæкъаддæр. Фæлæ се 'хсæн уæззау æмæ уæлдай уæззаудæр фыдракæндты нымæц фæфылдæр. Фæфылдæр сты хæцæнгарзы, стæй наркотикты æнæзакъон зилдухимæ баст фыдракæндтæ. Æппæт уыцы фыдракæндтæ куыд раргом кæнынц, фæндагыл цæуыны æдасдзинад халджыты ныхмæ куыд архайынц, фыдракæнды ныхмæ цавæр профилактикон мадзæлттæй пайдагонд цæуы, стæй сæ размæ цавæр нысантæ æвæрынц, уый тыххæй министр бæстон æрныхас кодта.

Фарстайы фæдыл сæ хъуыдытæ загътой Тускъаты Таймураз, депутаттæ **Дыдарты Сослан, Цæллагты Жаннæ, Хъамболты Дзамболат, Уыртаты Азæмæт**.

Депутаттæ æркастысты æмæ фыццаг бакасты сфидар кодтой, республикæйы Хицауад кæй бацæттæ кодтой Цæгат Ирыстоны финансон æмæ экономикон къабазимæ баст уыцы закъонты проекттæ. Уыдоны фæдыл ныхас кодтой промышленносты æмæ инвестициты министр **Мæрзойты Владимир** æмæ исбонад æмæ зæххы ахастыты министр **Тедеты Руслан**. Æмдокладтæ скодтой Дойаты Светланæ æмæ Парламенты аграрон æмæ зæххы ахастыты, экологи æмæ æрдзон фæрæзты комитеты сæрдар **Кочораты Олег**. Финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Исахъты Олег** та республикæйы бюджетон процесс банывыл кæныны тыххæй цы закъонты проекттæ бавдыста, уыдонмæ, сæ ахсджиагдзинад сын æмбаргæйæ, каст æрцыд фыццаг æмæ дыккаг бакасты, афтæмæй закъонтæ фидаргонд æрцыдысты.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Тауитты Алыксандр. Фарстатæ æмæ фиппаинæгтæ уыд депутаттæ **Фадзайты Арсенмæ,** Тетцойты Георгимæ, **Реуазты Ларисæмæ, Елдзарты Медеямæ**.

Æмбырды архайджытæ байхъуыстой "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Горæтгæрон районы социалон-экономикон рæзты тыххæй, стæй йæ фæзуатыл национ проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ фарстатæ лыг кæнгæйæ, цавæр зындзинæдтыл æмбæлынц" уый тыххæй хъусынгæнинагмæ.

Фарстайы фæдыл ныхас кодта Горæтгæрон районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Есиаты Руслан**. Уый бæстон æрдзырдта, паддзахадон национ политикæ районы куыд æххæстгонд цæуы, цы 25 адæмыхатты дзы цæры, уыдоны национ культурæ æмæ æгъдæуттæ куыд хъахъхъæд цæуынц, "Æнæниздзинад", "Культурæ", "Демографи" æмæ æндæр национ проекттæ царды уагъд куыд цæуынц, къухы цы бафтыд æмæ сæм фидæны цавæр нысантæ ис, æппæт уыдæтты тыххæй.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимур**. Сæ фиппаинæгтæ загътой депутаттæ **Гæбæраты Юри, Кокойты Тамарæ, Остъаты Георги, Едзойты Марат, Махъоты Хетæг,** Дыдарты Сослан, Дойаты Светланæ, **Саулохты Сæрмæт, Бæззаты Алан**.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

## 3 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
20.00 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
21.45 Т/с "Шпион" 16+
22.45 Большая игра 16+
23.45 Т/с "Почка" 18+
00.15, 00.55, 01.35, 02.15, 03.05, 03.45, 04.20 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Заполярный вальс" 12+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Дуэт по праву" 12+
03.55 Т/с "Пыльная работа" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" канал "Россия 24"**
15.00 Россия 24. Местное время
15.30 Канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.55 Т/с "Победители" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Морские дьяволы. Рубежи родины" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Стражник" 16+
22.15, 00.00 Т/с "Невский. Охота на архитектора" 16+
00.45 Т/с "Угро" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 06.10, 06.55, 07.45, 08.45, 09.30, 10.10, 11.10, 12.05 Т/с "Чужой район" 16+
08.55 Знание - сила 0+
13.30, 14.25, 15.25, 16.25 Т/с "Учитель в законе. Продолжение" 16+
18.00, 18.55 Т/с "Учитель в законе. Возвращение" 16+
19.50, 20.40, 21.30, 00.30, 01.15, 01.50, 02.30, 03.05 Т/с "След" 16+
22.25 Т/с "Свои-5" 16+
23.10 Т/с "Свои-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.45, 04.25 Т/с "Посредник" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 19.30, 23.45 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
07.35, 18.40 Д/ф "Майя. Рождение легенды" 16+
08.30 Жизнь и судьба 16+
08.50, 16.35 Кто есть кто? 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10 ХХ Век. "Поет Эдита Пьеха" 16+
11.50 Д/ф "Одинцово. Васильевский замок" 16+
12.20, 20.35 Линия жизни 16+
13.20, 22.10 Х/ф "Щит и меч". "Без права быть собой" 16+
14.45, 02.45 Д/ф "Забытое ремесло". "Извозчик" 16+
15.00 Новости. Подробно. Арт 16+
15.15 Агора. Ток-шоу с Михаилом Швыдким 16+
16.20, 23.30 Цвет времени 16+
17.40 Неделя хоровой музыки. Сочинения С.Танеева и С.Рахманинова. НФОР и Академический большой хор "Мастера хорового пения" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
21.30 Сати. Нескучная классика... 16+
00.05 Д/ф "Эвакуационный роман" 16+
01.00 Х/ф "Что касается Генри" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.25 Спортивный век 12+
06.30 Магия большого спорта 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.55, 16.40 Новости
07.05, 15.30, 21.45, 00.20 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.25 Дзюдо. Фонбет Российский профессиональный тур. Трансляция из Хабаровска 0+
11.25 Бокс. Bare Knuckle FC. Реджи Барнетт против Даниэля Альвареса. Трансляция из США 16+
13.00 Есть тема! 12+
15.00 Футбол. Журнал Лиги чемпионов 0+
16.45, 01.00 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 0+
17.45 География спорта. Сахалин 12+
18.15 Громко 12+
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. Финал конференции "Восток". "Ак Барс" (Казань)-"Авангард" (Омск). Прямая трансляция
22.30 Д/ф "Марадона. Смерть бога" 16+
02.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. 1/4 финала. УНИКС (Казань)-"ПАРМА-ПАРИ" (Пермский край) 0+
03.55 Новости 0+
04.00 Гандбол. Чемпионат России. OLIMPBET Суперлига. Женщины. "Ростов-Дон" (Ростов-на-Дону)-"Астраханочка" (Астрахань) 0+
05.30 Наши иностранцы 12+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Д/с "Большое кино" 12+
08.50 Х/ф "Женская версия. Ловцы душ" 12+
10.45, 18.10, 00.30 Петровка, 38 16+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Т/с "Что делает твоя жена?" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00, 03.10 Х/ф "Сельский детектив. Ловушка для мертвеца" 12+
16.55 Прощание 16+
18.25 Т/с "Провинциальный детектив" 12+
22.40 Специальный репортаж 16+
23.10 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.45 Д/ф "Следствие ведет КГБ. Красная помада" 12+
01.25 Д/ф "Светлана Аллилуева. Дочь за отца" 12+
02.05 Д/ф "Смерть Ленина. Настоящее "Дело врачей" 12+
02.45 Осторожно, мошенники! 16+
04.40 Д/ф "Чапаев. Без анекдота" 12+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 04.55 По делам несовершеннолетних 16+
08.20 Давай разведемся! 16+
09.20 Тест на отцовство 16+
11.35, 04.05 Д/с "Понять. Простить" 16+
12.40, 02.20 Д/с "Порча" 16+
13.10, 02.45 Д/с "Знахарка" 16+
13.45, 03.10 Д/с "Верну любимого" 16+
14.15, 03.40 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.50 Х/ф "Девичий лес" 16+
19.00 Х/ф "Наследство" 16+
23.05 Т/с "Парфюмерша" 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.10 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 02.55 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Доктор Стрэндж" 16+
22.05 Водить по-русски 16+
23.30 Документальный спецпроект 16+
00.30 Х/ф "Звездный рубеж" 16+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
07.00 М/ф "Лунтик" 0+
08.00 Уральские пельмени. Смехbook 16+
08.05 Шоу Уральских пельменей 16+
09.35 Х/ф "Лед" 12+
11.55 Суперниндзя. Финалисты 16+
12.55, 19.00, 19.30 Т/с "Моя мама - шпион" 16+
20.00 Суперниндзя 16+
22.20 Большой побег 16+
23.45 Кино в деталях с Федором Бондарчуком 18+
00.45 Суперлига 16+
02.05 Т/с "Два отца и два сына" 16+
04.30 6 кадров 16+
05.20 Мультфильмы 0+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 06.35 Однажды в России. Спецдайджест 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00 Т/с "СашаТаня" 16+
15.25 Новые Звезды в Африке 16+
17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с "Кафе "Куба" 16+
21.00, 21.30 Т/с "Семья-2" 16+
22.00 Женский стендап. Дайджесты-2022 16+
23.00 Конфетка 16+
01.00 Такое кино! 16+
01.30, 02.15 Импровизация. Команды 16+
03.30, 04.10 Шоу "Студия "Союз" 16+
05.00, 05.45 Открытый микрофон 16+

## 4 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
20.00 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
21.45 Т/с "Шпион" 16+
22.45 Большая игра 16+
23.45 Т/с "Почка" 18+
00.20, 01.00, 01.40, 02.20, 03.05, 03.45, 04.20 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Заполярный вальс" 12+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Дуэт по праву" 12+
03.55 Т/с "Пыльная работа" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" канал "Россия 24"**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.50 Т/с "Победители" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Морские дьяволы. Рубежи родины" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Стражник" 16+
22.15, 00.00 Т/с "Невский. Охота на архитектора" 16+
00.45 Т/с "Угро" 16+
04.05 Таинственная Россия 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 05.35, 06.20 Т/с "Посредник" 16+
07.05, 08.00 Т/с "Филин-2" 16+
08.55 Знание - сила 0+
09.30, 10.25 Т/с "Учитель в законе. Продолжение" 16+
11.20, 12.20, 13.30, 13.45, 14.40, 15.35, 16.35, 18.00, 18.55 Т/с "Учитель в законе. Возвращение" 16+
19.50, 20.40, 21.30, 00.30, 01.15, 01.50, 02.30 Т/с "След" 16+
22.25 Т/с "Свои-5" 16+
23.10 Т/с "Свои-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.05, 04.00 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 19.30, 23.45 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 95 лет со дня рождения Элины Быстрицкой. "Театральная летопись" 16+
07.35, 18.40 Д/ф "Майя. Рождение легенды" 16+
08.20, 16.25 Цвет времени 16+
08.30 Жизнь и судьба 16+
08.55, 16.35 Между небом и землей 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10 Х/ф "Земное притяжение" 16+
12.15 Д/ф "Эвакуационный роман" 16+
13.15, 22.00 Х/ф "Щит и меч". "Приказано-выжить" 16+
15.00 Новости. Подробно. Книги 16+
15.15 Передвижники. Алексей Саврасов 16+
15.45 Сати. Нескучная классика... 16+
17.40 Неделя хоровой музыки. Духовная музыка русских композиторов. Хоровые коллективы Москвы на Великопостном фестивале 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Искусственный отбор 16+
21.15 Белая студия 16+
00.05 Х/ф "Три цвета. Синий" 16+
01.45 Неделя хоровой музыки. Сочинения С.Танеева и С.Рахманинова. НФОР и Академический большой хор "Мастера хорового пения" 16+
02.40 Д/ф "Забытое ремесло". "Фонарщик" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.25 Спортивный век 12+
06.30 Магия большого спорта 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.55, 16.40 Новости
07.05, 15.30, 19.00, 21.45, 00.00 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.25, 01.00 ЕвроФутбол. Обзор 0+
11.25 Смешанные единоборства. UFC. Исраэль Адесанья против Алекса Перейры. Трансляция из США 16+
13.00 Есть тема! 12+
15.00 Ты в бане! 12+
16.45 Футбол. FONBET Кубок России. 1/2 финала. "Урал" (Екатеринбург)-"Спартак" (Москва). Прямая трансляция
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. Финал конференции "Запад". Прямая трансляция
21.55 Футбол. Кубок Испании. 1/2 финала. "Атлетик"-"Осасуна". Прямая трансляция
02.00 Футбол. Журнал Лиги чемпионов 0+
02.30 Что по спорту? Тольятти 12+
03.00 Дзюдо. Фонбет Российский профессиональный тур. Трансляция из Хабаровска 0+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Мужчины. 1/4 финала 0+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.45 Х/ф "Женская версия. Такси зеленый огонек" 12+
10.40, 04.40 Д/ф "Андрей Панин. Бой с тенью" 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Т/с "Что делает твоя жена?" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00, 03.15 Х/ф "Сельский детектив. Ограбление по-ольховски" 12+
16.55, 01.25 Прощание 16+
18.10, 00.30 Петровка, 38 16+
18.25 Т/с "Провинциальный детектив" 12+
22.40 Закон и порядок 16+
23.10 Д/ф "Ренат Ибрагимов. Усталый многоженец" 16+
00.00 События. 25-й час
00.45 Д/с "Приговор" 16+
02.05 Д/ф "Любимая игрушка рейхсфюрера СС" 12+
02.45 Осторожно, мошенники! 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 04.50 По делам несовершеннолетних 16+
08.30 Давай разведемся! 16+
09.30 Тест на отцовство 16+
11.40, 04.00 Д/с "Понять. Простить" 16+
12.45, 02.15 Д/с "Порча" 16+
13.15, 02.40 Д/с "Знахарка" 16+
13.50, 03.05 Д/с "Верну любимого" 16+
14.25, 03.35 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
15.00 Х/ф "Тень прошлого" 16+
19.00 Х/ф "Сердце Риты" 16+
23.00 Т/с "Парфюмерша" 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.20 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.10 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Лига выдающихся джентльменов" 12+
22.00 Водить по-русски 16+
23.30 Знаете ли вы, что? 16+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
07.00 М/ф "Лунтик" 0+
08.00, 18.30, 19.00, 19.30 Т/с "Моя мама - шпион" 16+
09.00 Уральские пельмени. Смехbook 16+
09.25 Х/ф "Падение олимпа" 16+
11.50 Т/с "Жена олигарха" 16+
14.55 Т/с "Кухня" 16+
17.00, 20.00 Большой побег 16+
21.00 Х/ф "Пятый элемент" 16+
23.40 Х/ф "Элизиум" 16+
01.45 Т/с "Два отца и два сына" 16+
04.30 6 кадров 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 06.35 Однажды в России. Спецдайджест 16+
08.30 Бьюти баттл 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00 Т/с "Универ. Новая общага" 16+
14.30, 15.30, 17.00, 18.00 Х/ф "Полицейский с рублевки" 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с "Кафе "Куба" 16+
21.00, 21.30 Т/с "Семья-2" 16+
22.00 Женский стендап. Дайджесты-2022 16+
23.00 Музыкальная интуиция 16+
01.00, 02.15, 03.00 Импровизация. Команды 16+
04.15, 05.00 Шоу "Студия "Союз" 16+

## 5 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
20.00 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
21.45 Т/с "Шпион" 16+
22.45 Большая игра 16+
23.45 Т/с "Почка" 18+
00.15, 00.55, 01.35, 02.15, 03.05, 03.45, 04.20 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Заполярный вальс" 12+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Дуэт по праву" 12+
03.55 Т/с "Пыльная работа" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" канал "Россия 24"**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.50 Т/с "Победители" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Морские дьяволы. Рубежи родины" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Стражник" 16+
22.15, 00.00 Т/с "Невский. Охота на архитектора" 16+
00.45 Т/с "Угро" 16+
04.05 Таинственная Россия 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.30, 06.20 Т/с "Опера. Хроники убойного отдела" 16+
07.05, 08.00 Т/с "Филин-2" 16+
08.55 Знание - сила 0+
09.30, 10.25, 11.20, 12.15, 13.30, 13.40, 14.35, 15.35, 16.25, 18.00, 18.55 Т/с "Учитель в законе. Возвращение" 16+
19.50, 20.40, 21.30, 00.30, 01.15, 01.50, 02.30 Т/с "След" 16+
22.25 Т/с "Свои-5" 16+
23.10 Т/с "Свои-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.05, 04.00 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 19.30, 23.45 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 К 95-летию со дня рождения Элины Быстрицкой. "Театральная летопись" 16+
07.35, 18.40 Д/ф "Ангкор-земля богов" 16+
08.30 Жизнь и судьба 16+
08.50, 16.30 95 лет со дня рождения Александра Белинского. "Понедельник-день тяжелый" 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10 ХХ Век. "Встреча по вашей просьбе. "Виртуозы Москвы" и Владимир Спиваков" 16+
12.30 Искусственный отбор 16+
13.15, 22.00 Х/ф "Щит и меч". "Обжалованию не подлежит" 16+
14.30, 23.15 Д/ф "Запечатленное время". "Путь изобретателя" 16+
15.00 Новости. Подробно. Кино 16+
15.15 "Леонид Андреев "Иуда Искариот" 16+
15.45 Белая студия 16+
17.40 Неделя хоровой музыки. Концерт хора Валаамского монастыря в Московском международном Доме музыки 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Абсолютный слух 16+
21.15 Власть факта. "Реформы Дэн Сяопина и китайский путь" 16+
00.05 Х/ф "Три цвета. Белый" 16+
01.35 Неделя хоровой музыки. Духовная музыка русских композиторов. Хоровые коллективы Москвы на Великопостном фестивале 16+
02.30 Д/ф "Одинцово. Васильевский замок" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.25 Спортивный век 12+
06.30 Ты в бане! 12+
07.00, 08.35, 12.55, 14.55 Новости
07.05, 15.30, 18.45, 21.30, 00.00 Все на Матч! 12+
08.40 Биатлон. Pari Чемпионат России. Марафон. Мужчины. Прямая трансляция из Увата
12.05 География спорта. Сахалин 12+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! 12+
15.00 Вид сверху 12+
16.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. Финал конференции "Восток". "Авангард" (Омск)-"Ак Барс" (Казань). Прямая трансляция
19.00 Футбол. FONBET Кубок России. 1/2 финала. ЦСКА-"Крылья Советов" (Самара). Прямая трансляция
21.55 Футбол. Кубок Испании. 1/2 финала. "Барселона"-"Реал" (Мадрид). Прямая трансляция
01.00 Биатлон. Pari Чемпионат России. Марафон. Мужчины. Трансляция из Увата 0+
02.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. 1/4 финала. "Локомотив-Кубань" (Краснодар)-"Пари НН" (Нижний Новгород) 0+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Женщины. 1/4 финала. "Локомотив" (Калининградская область)-"Тулица" (Тульская область) 0+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф "Женская версия. Комсомольский роман" 12+
10.40, 04.40 Д/ф "Сергей Филиппов. Есть ли жизнь на Марсе..." 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Т/с "Что делает твоя жена?" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00, 03.10 Х/ф "Сельский детектив. Убийство на Ивана Купалу" 12+
16.55 Прощание 16+
18.10, 00.30 Петровка, 38 16+
18.25 Т/с "Провинциальный детектив" 12+
22.40 Хватит слухов! 16+
23.10 Хроники московского быта 16+
00.00 События. 25-й час
00.40 Д/ф "Битва за наследство" 12+
01.25 Знак качества 16+
02.05 Д/ф "Роковые решения" 12+
